# A.ÁBDIEVTÍŃ «JIN-JÍPÍRLAR UYASÍ» ROMANÍNDA SYUJET HÁM KOMPOZICIYA DÚZIWDEGI BAĞDARÍ

**G.A.Amaniyazova**
**2-kurs magistrantı Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20485834

Hár qanday roman janrında dóretilgen shığarmalar ushın eń baslı shártlerdiń biri bul – turmıs shınlığı menen dáwir haqıyqatlığın kólemli, bazda epopeyalıq sıpattağı keń masshtablı waqıyalar menen shım-shıtırıq, qım-qıyǵash hádiyselerdi keń túrde qamtıp alıp súwretlew bolıp esaplanadı. Óytkeni, álemniń bir pútin filosofiyalıq koncepciyası joq shığarma roman bola almaydı[1]. Usı kózqarastan Allanazar Ábdievtıń «Jin jıpırlar uyası» romanında XX ásirdiń 70-90-jıllarındağı qaraqalpaqlar turmısında keshken waqıyalardı keń qamtıp alıp, olardı belgili bir ideyalıq-tematikalıq bağdarlarğa birlestirip súwretlew eń baslı ózgeshelikler sıpatında kózge túsedi.

A.Ábdievtiń qaraqalpaq ádebiyatına salmaqlı úles bolıp qosılğan, avtordı jazıwshı sıpatında jámiyeshilikke keńnen tanıtqan shığarması «Jın-jıpırlar uyası» romanı boldı. Bunda sovetlik dáwirdegi adam erkinlikleriniń ayaq astı etiliwleri, jámiyettegi buzıqshılıqlar, qáte kemshilikler, adamgershilikke jat qılwalar, ádilsizlikler isenimli súwretleniwin tawıp, ótkir áshkaralanadı. Jámiyettiń, basshılardıń hádden tıs buzılıp ketkenligi sebepli haq jasawdıń hesh múmkin bolmay qalǵanlığın qaharmanlar obrazı arqalı isenimli ashıp beredi. Máselen, haq jasawdı kúsep, sonıń ushın gúres júrgizgen Sayımbet aqırında jinli bolıp ketedi, Qayıp sońında urı, gázzapqa aylanadı, Ayap Turdievich bolsa qoldı bir siltep, basqa adamlar sıyaqlı paraxorlıq jol tutadı hám t.b. Bulardıń usınday halğa túsiw sebeplerin avtor isenimli túrde sheber súwretlegen. Turmıs haqıyqatlığı dál burmalamay berilgen.

Sayımbet haqıyqashıl adam. Ol ózi isleytuğın mektebindegi bilim beriwdegi qáte-kemshiliklerge bárqulla qarsı shığadı. Oqıwshılarğı ayırıqsha bilim beriw, olardı nağız insan etip tárbiyalaw, olarğa muğallimlerdiń ózleri úlgi bolıwınıń tárepdarı boladı. Bul mektep direktorı Mırzamurat Fazılovqa jaqpaydı. Eń aqırında bular arasında gúreste jámiyetten, basshılardan kúsh alıp turğan, pulı kóp Mırzamurattıń ústin keliwi - Sayımbetke nervti buzatuğın dári salıp jinli etip jiberiwi menen tınadı. Álbette, buğan qarap Sayımbetti jeńildi, dep juwmaq shığarıw da qáte bolar edi. Sebebi, jinli bolsa da Sayımbettiń negizindegi haqıyqatlıq ushqınları onıń kewliniń tazalığın birotala joq ete almaydı, Fazılovtıń qoljapqıshına aynalmaydı. Jinli bolsa da, jan dúnyası taza, pák, adamgershilik jağınan onnan ústin turdı. Mısalı, kóshede otırıp qayırshılıq etkende de udayı aytatuğını ağla tilekler, aqıl-násiyatlar. Mırzamuratqa, Aqsúńgúlge usağan adamlar pul berse de almay, qayta olardı tayaqlap quwıp saladı.

Sayımbet obrazın jasaw arqalı avtor Mırzamurattıń hám basqa da jámiyettegi ayırım adamlardıń adamgershiligi jinli Sayımbetten de tómenlep ketkenligin kórsetip bermekshi boladı. Jámiyet qansha jawız, ádilsiz bolsa da, Sayımbet sıyaqlı haqıyqatlıq tárepdarları bolğan Qayıptı da, Ayap Turdievichti de birotala sındırıp taslay almadı. Qayıp májbúriy urı, gázzaplıq jolğa tússe de, kewil pákligi sónbey, urlağanda da tek paraxor, xalıqtı zar jılatıp dúnya toplağanlardı tonaydı: Ayap Turdievich te sonsha waqıttan berli nápáklik jolğa túsip, para bermegen, kóplegen adamlardı nahaqtan sotlatıp júrgen tergewshi bolsa da, Qayıp penen sóyleskeninen ondağı adamgershiliktiń birotala sónip qalmağanın kóremiz.

Ulıwma, roman qıyan-kesti, qızıqlı waqıyaları, tiliniń tartımlığı, shireligi menen oqıwshını ózine tartadı. Romannıń kompoziciyalıq qurılısı menen syujet, konfliktindegi qaharmanlar

[1] Адабий турлар ва жанрлар. – Тошкент: Фан, 1991. I том, Б.18.

xarakterin jasawındaǵı ózgeshelikler, waqıyalardı yadqa túsiriw, elesletiw, dialog, monolog, gallyucinaciyalar tiykarında beriw sıyaqlı súwretlew usıllarınan paydalanıw sheberligi jazıwshınıń qáleminiń ısılıp, ádebiy tájiriybeler toplap atırǵanlıǵınan derek berip turadı. Roman syujeti eki baǵdarda parallel alıp barıladı. Jámiyet bılǵasıǵın ashıp beriwde qaharmannıń (Qayıp) jazǵan gúrrińi de berilgen. Negizinde avtor romanda óziniń gúrriń etiw usılın Áziz Nesinniń shıǵarmalarındaǵı, D.Svifttiń «Lemyuel Gulliverdiń sayaxatları» romanındaǵı súwretlew usılları menen sheber baylanıstıra bilgen. Bul usıl súwretlenip atırǵan nárseniń tásirsheńligin, ruwxın ele de kúsheytiwge sebepshi boladı. Bunday jaǵday, yaǵnıy, shıǵarmanıń ishine ózinikin, yaki basqa birewdiń shıǵarmasın bilegóre kirgizip súwretlew ádebiyatta bar usıl. Máselen, Shıńǵıs Aytmatov dóretiwshiliginde gezlesedi.

Roman, ayırım ilimpazlardıń kórsetiwinshe 1980-1990-jıllları jazılǵan T.Qayıpbergenovtıń «Kózdiń qarashıǵı», Sh.Seytovtıń «Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba», K.Mámbetovtıń «Hujdan», O.Ábdiraxmanovtıń «Bosaǵa», K.Allambergenovtıń «Dárya tartılǵan jıllar» romanları menen ideyalıq jaqtan únlesedi.

«Syujet» sózi fransuzsha bolıp, bizińshe, «nárse», «tema», «mazmun» degen sózdiń mánilerine tuwra keledi[2]. Syujet kóbinese epikalıq hám dramalıq shıǵarmalarda konkret, anıq kórinedi. Ádebiyattanıw iliminde syujet haqqında, onıń ózgesheligi jóninde, qaysı tarawda úyreniw kerek ekenligi tuwralı hár qıylı pikirler, kózqaraslar bar. Mısalı, G.N.Pospelovtıń aytıwınsha epikalıq hám dramalıq shıǵarmalardıń ózgesheligi sıpatında, al basqa teoriyalıq miynetlerde kórkem shıǵarmanıń ózgesheligi sıpatında qaraladı[3]. Syujetti kórkem shıǵarmanıń bir ózgesheligi sıpatında tanıǵan maqul. Sebebi syujetsiz ádebiy shıǵarma bolıwı múmkin emes. Syujet óziniń qurılısı boyınsha kóp máselelerdi ózinde jámlestiredi. Ol ádebiy qaharmanlardıń júzege keliwine, qaharmannıń psixologiyasın ashıp beriwge, personajlardıń sózlerin, olardıń monolog, diologların jetkeriwge sebepshi boladı.

Syujettiń tiykarǵı negizi bolıp sol jazıwshı súwretlep otırǵan jámiyettiń qarama-qarsılıqları, onıń hár qıylı konfliktleri jatadı. Mine, usınday turmıslıq konfliktlerdi sáwlelendiriwde kórkem shıǵarma syujeti, ekspoziciyası, waqıyanıń baslanıwı, waqıyanıń, hárekettiń rawajlanıwı, kulminaciya, waqıyanıń sheshiliwi sıyaqlı bir neshe túrlerge bólinedi. Álbette, syujetlik rawajlanıwdıń bunday kórinisleri barlıq shıǵarmalarda tayar keste sıpatında jazıwshı tárepinen bir qálipte qollanılmastan, al ol hár shıǵarmaǵa, hár bir janrǵa baylanıslı túrlishe tús alıwı múmkin. Sonıń ushın qálegen shıǵarmada syujettiń tayar kestesin usınıw múmkin emes, eger bulay etsek ol dóretpe sxematizmge barıp tireledi.

Sonıń menen birge shıǵarma syujetinde burınǵı personajları boyınsha xabar beretuǵın «Alǵı sóz», «Sońǵı sóz» bólekleri de bar. Sonday-aq sol shıǵarmanıń kirisiwi sıpatında «prolog», al juwmaqlawı haqqında «epiloglar»da bar. Bular syujettiń shárt bolmaǵan elementleri. Syujet tiykarınan bir neshe tiplerge bólinedi. Waqıt penen óz-ara baylanıslı bolǵan waqıyalar xronikalıq syujet dep atalıp, onda waqıyalar izbe-iz bayanlanıw usılında beriledi. Waqıyaları belgili bir sebep penen baylanısqan syujet koncentrik syujet dep ataladı. Bul syujettiń túrinde syujettiń kúshli, keskin dramatizmge qurılıwı, syujet elementleriniń bir-birine qarısıp ketiwi menen xarakterlenedi.

Syujet qaharman obrazınıń jasalıwındaǵı barlıq sharayatlardı aladı. Syujetler xarakterdiń jasalıwına baylanıslı hár qıylı boladı. Mısalı, geypara shıǵarmalarda qaharman bir epizodta alınadı

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1994, Б.204.

[3] Введение в литературоведение под редак. Г.Л.Поспелова, Л.И.Тимофеев, Основы теории литературы, М-1976, Г.Л.Абрамович, Введение в литературоведение. М-1970. Адабиёт назарияси, Т-1978. З.Кабдолов, Сөз өнери, Аламаты, 1976.

da, keyin sol waqıyanıń qalay bolǵanı, qalay sol dárejege jetip kelgeni beriledi. Bunday syujet retrospektiv syujet yaǵnıy tiykarǵı waqıya kulminaciyadan baslanıp, soń avtordıń sheginiw usılın qollanıp kulminaciyaǵa shekemgi waqıyanı qaharmanlardıń háreketleri mısalında kórsetiwi bolıp esaplanadı.

Ayırım syujetlerde waqıyalar rawajlanıwı emes, al syujette qaharmanlar kewilinde keshken ruwhıy keshirmeleri quraydı. Ádebiyatshı M.Qushjonov aytqanınday: «syujet adamlar hám personajlardıń ishki hám sırtqı háreketi úzliksizligi eken» ishki háreket úzliksizligi associyativ syujetti keltirip shıǵaradı. Bunda personajlardıń sırtqı iskerliginen kóre, ishki dúnyasınan, qálbinde qaldırǵan iz hám qayǵılardan, ruwhında keshken proceslerden, kewil dialektikasınan syujet kelip shıǵadı[4]. Ádebiyatshı N.Pogodin aytqanınday «…syujetler qatıp qalǵan úydirme sxemalar emes, bálkim, waqıyanıń obektivliliktiń ózinen júzege keledi, olar turmıslıq materialdı úyreniw nátiyjesinde kelip shıǵadı. Sonlıqtan, kórkem syujet turmıslıq material, dóretiwshilik fantaziya-kórkem toqıma hám ideya-estetikalıq idealdıń birigiwinen payda boladı. Sonday-aq, kórkem shıǵarma, sonıń ishinde epik túrdiń bir janrı esaplanǵan roman janrınıń syujetinde kórkem syujettiń negizgi shártlikleriniń biri sıpatında waqıt hám orın (mákan) túsinigi qatnasadı. Mákan hám waqıt syujetke janlandiriwshılıq, tásirsheńlik, mazmunlılıq baǵıshlaydı. Qálemge alınǵan waqıyalar belgili bir tariyxıy-geografiyalıq orında, yaki toqıma atama menen beriliwi múmkin. Sonıń menen birge roman syujetinde waqıyalar bir neshe orınlarda; bir kúnde yaki bir neshe jıllarda júz bergen bolıwı múmkin.

Solay etip jazıwshınıń bul romanında syujettiń kólemliligi, syujetlik baǵarlardıń keń qatlamlıǵı qaharmanlardıń minez-qulqın tereńnen ashıwǵa, súwretlenip atırǵan dáwirdi keńnen alıp sáwlelendiriwge jumsaydı. Romanda xalqımızdıń yarım ásirge shamalas tariyxıy jolın, xalıqtıń basındaǵı eń mashaqatlı, qıyın, quramalı, tariyxtıń shım-shıtırıq waqıyaları menen birge oqıwshınıń aldına jayıp taslaydı. Bunda ashshı haqıyqatlıq ótkir til menen qaharmanlardıń ózleriniń oyları, óziniń tili, óziniń kelbeti, demi menen beriledi. Romanda syujettiń burıngıday dástúriy – izbe iz túrdegi waqıyalardı dizip, sada súwretlew arqalı emes, al, utımlı, tásirsheń poetikalıq formalar bolǵan dialog, qaharmanlardıń gúrriń etip beriwleri, xat, keń túrdegi awızeki áńgimeleri sıyaqlı túrleri, sonday-aq, qızıqlı, ózine tartımlı satira-yumorlıq sıpattaǵı háreket hám qıymıl-qozǵalısların sáwlelendiriw arqalı jasalıwı dıqqattı ayrıqsha ózine tartadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жаримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1994. Б.63.
2. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: Фан, 2002. Б.148.
3. Жәримбетов Қ., Генжемуратов Б. Әдебият теориясы. – Тошкент: Сано-стандарт, 2018. Б. 178.
4. Бахтин М. М. Формы времени и хронотопа в романе. // Вопросы литературы и эстетики. Исследования разных лет. Москва, «Художественнаялитература», 1975. С.234.
5. Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы (конфликт ҳәм қаҳарман). Нөкис, «Қарақалпақстан» 1977.
6. Иззат Султон Адабиёт назарияси. – Тошкент: Ўқитувчи, 2005. Б.110

[4] Қўшжонов М. Адабиётимиз автобиографияси. – Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги адабиёт ва санаъат наширёти, 1973. Б.159.